



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON YO OUVÈ KOUNYE A POU
FINANSMAN 800 MILYON DOLA POU PWOGRAM SIBVANSYON POU
REKIPERASYON TI BIZNIS APRE PANDEMI COVID-19 LA**

Ti biznis ki gen difikilte finansye akòz COVID-19 la ka [Aplike](#) kounye a pou sibvansyon jiska 50,000 dola

Gouvènè a te pwopoze lejislasyon pou [Anile Taks](#) sou sibvansyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke aplikasyon yo ouvè kounye a pou [Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19](#) 800 milyon dola a. Pwogram nan ranbouse ti biznis New York yo ak sibvansyon jiska 50,000 dola pou depans ki lye ak COVID ki te fèt ant 1ye mas 2020 ak 1ye avril 2021. Y ap bay sibvansyon yo pou ti biznis ak mikwo antrepriz ak òganizasyon ak atistik ak kiltirèl endepandan, san bi likratif yo, kote yo bay priyorite ak pwopriyetè biznis ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik yo, ki enkli antrepriz ki se pou minorite ak fanm, ak antrepriz ki pou ansyen konbatan, ak biznis ki sitiye nan kominote ki gen difilte ekonomik yo.

"Ti biznis se youn nan eleman ki pi enpòtan nan ekonomi New York epi yo te afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa ravaj ekonomik ke pandemi COVID-19 la te lakoz la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap rekonstui New York pi byen pase jan li te ye anvan an, pwogram sa ap ede ti biznis sa yo - patikilyèman sa yo ke pwopriyetè yo defavorize sou plan ekonomik ak sosyal - pou reprann jarèt ekonomik pou yo ka vanse nan direksyon yon avni ki pi briyan, pi pwospè."

Plis pase 330,000 ti biznis ak mikwo antrepriz gen chans pou kalifye pou pwogram sa, ki enkli 57 pousan MWBE ki sètifye nan eta a. Se [Lendistry](#), yon enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè ki dirije pa yon minorite k ap opere sit aplikasyon an pou pwogram nan. Eta a ap lanse yon kanpay piblisite tou pou fè pwomosyon pwogram sa ansanm ak divès lòt pwogram rekiperasyon apre pandemi pou ti biznis yo.

Y ap bay finansman yo pou yon minimòm 5,000 dola ak yon maksimòm 50,000 dola epi y ap kalkile l an fonksyon resèt bri pa ane biznis Eta New York pou ane 2019 la. Depans ki lye ak COVID-19 la ki ka ranbouse yo, dwe te fèt ant 1ye mas 2020 ak 1ye avril 2021, epi yo ka genyen ladan yo:

- Depans pewòl

- Pèman lwaye komèsyal oswa ipotèk pou pwopriyete ki baze nan Eta NY
- Pèman taks fonsye oswa lekòl lokal
- Depans asirans
- Depans sèvis piblik
- Depans pou ekipman pwoteksyon pèsònèl ki nesèsè pou pwoteje travayè ak sante ak sekirite kliyan
- Depans pou chofaj, vantilasyon ak èkondisyone
- Lòt depans pou machin oswa ekipman
- Atik ak materyèl ki nesèsè pou konfòmite ak pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19

Nan dat 8 jen, Gouvènè Cuomo [te pwopoze pou anile taks](#) sou sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la. ESD te kreye yon sitwèb — [NYSBusinessRecovery.ny.gov](https://www.nysbusinessrecovery.ny.gov)— pou prezante divès resous ki disponib pou sipòte ti biznis k ap chèche soulajman de pandemi an. Y ap mete sitwèb la ajou tanzantan toutotan plis detay ak enfòmasyon sou finansman an ap vin disponib.

Konsèy Direktè Empire State Development (ESD) a te apwouve 10 milyon dola sibvansyon pou asistans teknik pou sant asistans antreprenè ak sant devlopman ti biznis yo nan tout eta a, ak 26 lòt òganizasyon kominotè ak chanm komès pou ede ti biznis ak òganizasyon atistik ak kiltirèl endepandan ki san bi likratif yo sekirize asistans finansye ak sibvansyon ki lye ak COVID ki disponib atravè pwogram eta ak federal ki egziste yo.

Rezo sèvis founisè sa ap travay dirèkteman ak ti biznis yo, k ap oryante yo atravè sous finansman ki disponib epi ede yo navige nan pwosesis aplikasyon an. Lè yo rekonèt ke difikilte ekonomik pandemi an te lakoz yo te afekte mikwo ak ti biznis yo nan fason ki pa pwopòsyonèl, epi ke pwosesis aplikasyon an ka difisil pou navige - espesyalman akoz yon baryè lang - patnè yo ap itilize fon sa yo pou anboche oswa kontrakte plis anplwaye endividyèl, ak sèvis oryantasyon dirèk.

Y ap ofri materyèl edikasyon ak aplikasyon nan 12 lang anplis anglè. Sipò sa, ansanm ak anplwaye asistans teknik ki ogmante yo, ap mete founisè sa yo nan pozisyon pou asiste biznis ak òganizasyon yo pi byen nan aplikasyon pou finansman atravè Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la, Lwa federal Ameriken 2021 sou Plan Sovtaj la, oswa tout lòt pwogram rekiperasyon ekonomik federal ki disponib, k ap akselere ekonomi eta oswa lokal nou yo toutotan plis biznis ak kominote ap reouvri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)